



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AJANS ETA NEW YORK YO BAY SÈVIS AKSÈ NAN LANG GRATIS KOUNYE A**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ajans Eta New York yo ofri sèvis entèpretasyon gratis nan lang nan sis (6) lang enpòtan ki pa lang Angle, pou ede tout Nouyòkè yo gen aksè nan sèvis enpòtan gouvènman an.

Nan dat 6 oktòb 2011, Gouvènè Cuomo te siyen Dekrè Egzekitif Nimewo 26 ki te mande ajans eta ki bay sèvis dirèk pou piblik la pou ogmante aksè nan lang etranje yo pou ede apeprè 2,5 milyon Nouyòkè yo kwè ki gen Konpetans Limite nan Lang Angle (LEP). Apati jodi a, ajans eta yo ekipe kounye a pou ofri entèpretasyon gratis nan lang Panyòl, Chinwa, Ris, Italyen, Koreyen ak Kreyòl Ayisyen, sis (6) lang ki diferan avèk Angle pifò kominote LEP nan New York pale, dapre Resansman Etazini. Ajans yo tradui dokiman enpòtan yo, fòm yo ak avi ekri sou dwa yo nan sis (6) lang sa yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Gouvènman Eta New York bezwen kapab sèvi tout pèp li a kèlkeswa lang yo pale. Jodi a, ajans nou yo pare pou ofri èd nan lang etranje pifò moun ki pa pale Angle pale nan Eta nou an. Avèk aplikasyon dekrè egzekitif sa a, mwen fyè pou di n ap fè gouvènman eta a travay toutbon pou anpil kilti ak kominote divès ki konsidere New York kòm kay yo.”

Dapre Biwo Resansman Etazini, prèske 22% Nouyòkè yo te fèt deyò Etazini, epi prèske 30% te pale yon lang lakay yo ki pa lang Angle. Imigran yo reprezante plis pase 27% travayè yo nan New York. Nan Vil New York, imigran yo fòme plis pase yon tyè (37%) popilasyon an ak prèske mwatye (46%) anplwaye yo.

Enstwiksyon Gouvènè a pou aksè nan lang egzije chak ajans pou yo fè yon re-evalyasyon lang omwen chak dezan pou detèmine si lòt lang ap nesesè.

Theo Oshiro, ki nan New York State Language Access Coalition, di konsa, “Gras ak Gouvènè Cuomo, anpil milyon Nouyòkè pral gen aksè egalego kounye a nan sèvis, pwogram ak avantaj enpòtan yo nan yon lang yo konprann. Sa a se yon gwo viktwa pou popilasyon imigran an.” Manm kowalisyon an gen ladan Make the Road New York, Center for Popular Democracy, New York Lawyers for the Public Interest, Legal Services NYC, Minkwon Center for Community Action ak New York Immigration Coalition.

Steve Choi, ki nan MinKwon Center, di konsa, “Dekrè Egzekitif Gouvènè Cuomo louvri pòt pou anpil imigran ki nouvo nan eta a, epi ki gen konpetans limite nan lang Angle. Nou kwè lang p ap yon anpèchman ankò pou jwenn resous gouvènman an pou Azyatik-Ameriken yo, ak imigran ki toupatou nan New York.

Haitian Creole

Katherine Terenzi, ki nan New York Lawyers for the Public Interest, di konsa, "Pou tout moun ki te vini epi ki konsidere New York kòm kay yo, Dekrè Egzekitif la te fè li posib pou sitwayen yo kominote yon fason efikas avèk gouvènman eta a."

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Aksè nan Lang, ale sou Entènèt nan sitwèb Depatman Travay nan <http://labor.ny.gov/immigrants/language-access.shtm>